

**MISTIK KEJAWEN SAJRONE SERAT WIRID KARAJAN
(TINTINGAN FILOLOGI)**

Siti Ekawati, Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
echapawestri@gmail.com

Abstrak

Naskah *Serat Wirid Karajan* minangka salah sawijine wujud karya sastra Jawa Anyar. Irah-irahan naskah bisa aweh gegambaran ngenani isine naskah kang ngandharake piwulang agama Islam. Naskah *Serat Wirid Karajan* kang diteliti bisa diarani sawijine naskah salinan, saengga njalari anane babagan kang owah sajrone teks naskah. Karya sastra arupa naskah-naskah lawas ora mung tulisan tanpa aji, nanging ngandhut panemu lan kawruh kang ngandhut nilai luhur kang bisa dadi sumber piwulang. Salah sawijine kawruh kang ana ngenani piwulang agama Islam kang gegayutan karo kapitayan Jawa.

Gegayutan karo andharan mau, bisa dijupuk undherane rembug ing panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud naskah *Serat Wirid Karajan*?, (2) Kepriye suntingan teks naskah *Serat Wirid Karajan*?, (3) Kepriye mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*?, lan (4) Kepriye sesambungan intertekstual naskah *Serat Wirid Karajan* karo *Serat Wirid Hidayat Jati*?. Paedahe panliten yaiku nyengkuyung lan ngrembakake panliten sastra mligine sastra Jawa kuna, bisa nambahi kawruh tumrap pamaos lan bisa didadekake bahan rujukan dening panliti sabanjure.

Panliten iki migunakake leladhesan teori filologi kanggo ngandharake kahanane naskah *Serat Wirid Karajan*. Suntingan teks lan kritik teks katindakake kanthi pamarekan filologi modern nggunakake edisi diplomatik. *Metode Hermeneutik* lan *semiotika* kagunakake kanggo ngoceki kasusastran kang awujud naskah *Serat Wirid Karajan* iki kanthi penapsiran supaya bisa mangerteni isine naskah ngenani bab mistik kejawen. Tintingan interteks ing panliten iki bakal nggoleki sesambungan antara *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*. Panliten iki migunakake tintingan prinsip struktur kanggo ngoceki nilai kang kinandhut sajrone naskah.

Asile deskripsi bisa diweruhi kahanane naskah isih apik, naskah dumadi saka 39 kaca, wujud gancaran, katulis tangan, wujud tulisane aksara Jawa, basa kang digunakake basa Jawa Anyar lan ana saperangan tembung serapan basa Arab. Suntingan teks katindakake kanthi pamarekan filologi modern nggunakake edisi diplomatik. Asile suntingan teks ngasilake 118 tetembungan kang klebu kritik teks saka 39 kaca miturut pamawase panliti.

Mistik kejawen ngandharake kapitayan Jawa supaya bisa nggayuh kasampurnane urip lan manunggaling kawula Gusti. Panliten iki bakal merang sesambungane urip: Allah-Allah, Allah-manungsa, manungsa-Allah, manungsa-manungsa, lan manungsa-alam. Andharan kang ana sajrone *Serat Wirid Karajan* nduweni sesambungan klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*. Miturut panliten iki, kekarone nduweni sumber panulisan kang padha. Nilai kang kinandhut sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* kaperang dadi nilai agama lan nilai sosial. Nilai agama gegayutan karo kaimananane manungsa marang Gusti Allah. Nilai sosial gegayutan karo tumindake manungsa sajrone bebrayan. Nilai sosial sajrone *Serat Wirid Karajan*.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Kasusastran mujudake salah sawijine kaca benggal saka kedadean nyata uripe manungsa sajrone masyarakat. Kasusastran kang tuwuh ing jamane uga nyaritakake kahanan lan kedadean kang tuwuh ing satengahe bebrayan ing jaman sastra kuwi karipta. Ing satengahing bebrayan, kasusastran kang tuwuh ngrembaka tansah disengkuyung lan diuri-uri dening masyarakat pendukunge. Kanthi mangkono, bisa dingerteni yen kasusastran minangka sawijine wujud *komunikasi* antarane karya, pangripta lan pamaos saengga ora bisa dipisahake. Kasusastran karipta adhedhasar sesurupan '*saintika*', kaendahan '*estetika*' lan kabecikan '*etika*' (Purnomo, 2011:15).

Kasusastran Jawa minangka salah sawijine kasusastran kang tuwa ing nuswantara. Kasusastran Jawa wis ana wiwit saperangan jaman kapungkur nalika abad IX nganti seprene. Manut owah-owahan periode jaman

ang tansah ngrembaka, kasusastran Jawa kaperang sajrone patang *periode* manut pangrembakane, yaiku: Kasusastran Jawa Kuna, Kasusastran Jawa Pertengahan, Kasusastran Jawa Anyar lan Kasusastran Jawa Modern/mutakhir (Purnomo, 2011:20).

Kasusastran Jawa Anyar nduweni titikan anane pangaribawa saka agama Islam, migunakake basa Jawa Anyar, lan genre karyane arupa tembang lan gancaran. Miturut tlatah pangrembakane kasusastran Jawa Anyar kaperang dadi loro; kasusastran Jawa Pesisiran lan kasusastran Jawa Kraton. Kasusastran kasebut tansah ngrembaka lumantar naskah.

Naskah mujudake asil tulisan pangripta ngenani sawijine panemu utawa pamawas bab sakehe prakara kang ana. Naskah sastra Jawa Anyar akeh kang migunakake aksara Jawa (carakan) lan ana saperangan kang migunakake aksara pegon. Basa Jawa kang tansah owah gingsir ing saben jamane uga ndadekake tansaya ora gampang anggone mangerteni naskah Jawa Anyar. Basa Jawa minangka wahana kanggo medharake sastra.

Basa tansah owah amarga anane pengaruh saka saperangan basa liyane, saengga mbutuhake kaprigelan basa anggane maca naskah klasik kasebut. Babagan kuwi nyebabake ora saben wong bisa maca utawa mangerteni isine kasusastran ing jaman mbiyen.

Salah sawijine naskah kang ana kuwi *Serat Wirid Karajan*. Naskah iki minangka salah sawijining wujud kasusastran Jawa Anyar. Naskah kasebut kawawas minangka kasusastran Jawa Anyar amarga bisa ditengeri saka basa Jawa Anyar lan *substansi* karyane asipat piwulang. Naskah iki minangka koleksi salah sawijine kolektor ing Surabaya. Salah sawijine sastra Jawa Anyar kang awujud gancaran. Objek panliten iki minangka salah sawijine wewujudan saka naskah tulisan tangan kanthi aksara Jawa. Naskah kasebut migunakake basa Jawa anyar kanggo medharake isine naskah lan ana saperangan kang migunakake basa arab minangka dedonga. *Serat Wirid Karajan* medharake piwulang-piwulang agama mligine kang asipat mistik kejawen, saengga bisa didadekake minangka paugeran urip bebrayan Jawa.

Serat Wirid Karajan narik kawigaten amarga naskah iki kalebu naskah kang ringkes amarga kadhapuk saka 39 kaca, nanging kebak piwulangan kang kudu dioceki isine. Naskah iki kapilih dadi objek panliten linandhesan saka patang prakara. Sepisan, amarga durung ana kang nintingi. Kaping pindho, naskah iki mujudake salah sawijine naskah lawas kang kudu diuri-uri, jalaran naskah iki isine medharake panemu lan sawernaning kawruh kang ngandhut nilai luhur. Kaping telu, naskah iki kebak karo piwulang-piwulang agama asipat mistik kejawen. Landhesan kaping papat, panliten iki bisa ngandharake kawruh bab mistik kejawen kang ana sajrone naskah. Mula saka kuwi kanggo mbedhah lan nyepakake naskah *Serat Wirid Karajan* iki prayogane migunakake pamawas lan *perspektif* filologi.

Mistik dhewe nduweni teges ilmu panunggalan/cara kang ditindakake supaya bisa manunggaling kawula Gusti. Kejawen yaiku sistem etika lan sawijine langgam wong Jawa kang lair saka pamawas Jawa. Saengga bisa dingerteni yen mistik kejawen minangka wewujudan salah sawijine laku kang ditindakake dening sawijining aliran kabatinan lan kapitayan Jawa (Endraswara, 2006:39). Mistik kejawen kang kaandharake sajrone naskah katintingi migunakake metodhe hermeneutik lan semiotik kanggo napsirake lambang lab simbol sajrone naskah .

Panliten bakal nggayutake naskah siji lan sijine migunakake tintonan intertekstual. Interteks minangka tintonan kang digunakake dening panliten filologi klasik uga modern. Tintonan intertekstual kasebut digunakake kanggo nggoleki sesambungan ing antarane teks sastra (Endraswara, 2013:130). Intertekstual digunakake amarga sajrone sastra ana kang silih-sinilih tembung, ukara, uga frasa antarane sastra siji karo liyane. Tintonan interteks ing panliten iki bakal nggoleki sesambungan antara *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*, amarga SWHJ kaanggep minangka babon lan sumber pangrembakane piwulang mistik kejawen.

Bab pungkasan bakal ngandharake nilai-nilai kang kinandhut sajrone naskah. Panliten iki migunakake

prinsip struktur kanggo ngoceki nilai kang kinandhut sajrone naskah. Prinsip struktur ngandharake yen karya sastra bisa katintingi saka teks sastra kuwi dhewe, nanging kudu nyambungake antarane unsur-unsur karya sastra liyane. Struktur minangka sawijine organisasi utuh kang bageyan-bageyane padha sinambungan kanthi fungsional, tegese bageyan kasebut tansah nduweni sesambungan kang padha bisa nemtokake makna, lan mung nduweni teges ing sajrone kesatuan.

Underane Panliten

Adhedhasar andharan kang wis kawedhar ing ndhuwur, ana saperangan undherane panliten kang mirunggan saengga kudu dioceki ing sajrone panliten iki yaiku ngenani:

- a. Kepriye wujud naskah *Serat Wirid Karajan*?
- b. Kepriye suntingan teks naskah *Serat Wirid Karajan*?
- c. Kepriye mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*
- d. Kepriye sesambungan intertekstual naskah *Serat Wirid Karajan* karo *Serat Wirid Hidayat Jati*?

Tujuwane Panliten

Kanthi linandhesan saka andharan mau, sajrone panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngandharake lan ndhudhah isisne naskah *Serat Wirid Karajan* yaiku:

- a. Kanggo ngandharake wujud naskah *Serat Wirid Karajan*.
- b. Supaya bisa mangerteni suntingan teks naskah *Serat Wirid Karajan*.
- c. Kanggo ngandharake mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*
- d. Supaya bisa nggoleki sesambungan intertekstual naskah *Serat Wirid Karajan* karo *Serat Wirid Hidayat Jati*.

1.1 Paedahe Panliten

Panliten kanthi objek naskah *Serat Wirid Karajan* iki nduweni rong paedah yaiku paedah *teoritis* lan paedah *praktis*. Paedah kekarone iku bakal diandharake ing bab iki:

1) Paedah teoritis

Panliten iki dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliten-panliten sastra mligine sastra lawas kang nggunakake tintonan *filologi*. Panliten iku uga dikarepake supaya bisa nggampangake pamaos ngenani bab mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Panliten iki uga bisa nyepakake bahan wacanan kang gampang dingerteni, lan sarana pasinaon kawruh ngenani mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Panliten iki bisa weneh sumbangsih ing donyane kasusastran Jawa, mligine kasusastran Jawa kang ngandharake kawruh ngenani mistik kejawen. Saka panliten iki, pamaos uga bisa mangerteni gegayutane naskah *Serat Wirid Karajan* karo *Serat Wirid Hidayat Jati*.

2) Paedah praktis

Panliten iki nduweni paedah kanggo nggampangake pamaca supaya bisa mangerteni basa kang kinandhut sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Panliten iki uga migunani tumrap masyarakat kanthi

nduweni paedah supaya mangerteni kandhutan naskah *Serat Wirid Karajan* yaiku ngenani mistik kejawen.

Watesane Tetembungan

Wewatesane tetembungan kang ana ing panliten iki digunakake kanggo nggampangake lan nyetakake gegambaran kang ana ing sajrone panliten. Tetembungan kang ana gegayutane karo panliten kasebut dijlentrehake kaya ing ngisor iki:

Mistik Kejawen : piwulang kang ngemot tradisi Jawa lan unsur-unsur piwulang agama. Mistik kejawen kalebu sawijine ngelmu kasampurnan Jawa kanthi ngoceki jatining dhiri sangkan paraning dumadi saengga bisa mujudake manunggaling kawula Gusti (Endraswara, 2006:39).

Interteks : tintingan kang digunakake dening panliten filologi klasik uga modern, kanggo nggoleki sesambungan antarane sastra siji lan sastra liyane (Endraswara, 2013:130).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Serat Wirid Karajan sajrone Kasusastran Jawa Anyar

Serat Wirid Karajan salah sawijine tulisan kang awujud sastra. Sastra yen kawawas *etimologi*–ne nduweni teges minangka piranti kanggo piwulangan. Sastra ditegesi minangka tulisan, wewaton, paugeran, piwulang, kawruh, lajang kang isi kawruh. Sastra arupa wewujudan saka pamedhare cipta (idealisme, cita-cita (pangangen-angen), pepinginan) lumantar basa kang endah, minangka sarana nggayuh urip kang luwih becik (Purnomo, 2011:1).

Sastra kang digayutake karo isine, tegese minangka sarana-sarana etika. Miturut bebrayan lawas sastra ora beda karo ukum, adat istiadat, tradisi, uga minangka *doktrin*. Sastra kang kawedhar kuwi padha karo pamedhare pitutur lan aturan, larangan lan sing dianjurake, bebener kang kudu ditiropake, lan jenise tumindak ala kang kudu ditinggalake (Ratna, 2013:438).

Kasusastran Jawa Anyar nduweni titikan yaiku anane pangaribawa agama Islam, migunakake basa Jawa Anyar, lan genre karyane arupa tembang lan gancaran. Kasusastran Jawa Anyar kaperang dadi kasusastran Jawa Pesisiran lan kasusastran Jawa Kraton. Kasusastran kekarone nduweni tlatah pangrembakan kang beda. Sastra Jawa Pesisiran urip lan ngrembaka ing satengah bebrayan pesisiran yaiku tlatah Jawa sisih lor, dene sastra Jawa Kraton urip lan ngrembaka ing satengah uga kiwa-tengene tlatah kraton. Kasusastran kasebut tansah ngrembaka lumantar naskah.

Serat Wirid Karajan minangka salah sawijine naskah kang nduweni titikan minangka sastra Jawa Anyar. *Serat Wirid Karajan* ngandharake pamawase wong Jawa kang wus oleh pangaribawa agama Islam. Naskah sastra Jawa Anyar kang awujud gancaran minangka salah sawijine titikan naskah wirid. Sastra wirid kerep ditegesi minangka sastra kang ngandharake ngelmu tasawuf. Semana uga naskah *Serat Wirid Karajan*

kang ngandharake ngelmu tasawuf kang kabuntel sajrone pamawas mistik kejawen.

Sastra wirid dhewe ngrembaka nalika jaman Surakarta utawa kasusastran Jawa Klasik. Wirid nggambarane sawijine kasusastran kang ngandharake ngelmu agama. Wirid salah sawijine karya sastra Jawa kang ngandharake piwulang-piwulang tasawuf arupa patuduh kanggo pamaos ngenani sikap utawa hakekat dhiri minangka titahing Gusti (Purnomo, 2011:57). Karya sastra kang arupa wirid nduweni wujud gancaran.

Serat Wirid Karajan sajrone Perspektif Filologi

Serat Wirid Karajan kalebu salah sawijine naskah Jawa kang arupa seratan tangan lan migunakake aksara Jawa. *Serat Wirid Karajan* salah sawijine sastra lawas kang mbutuhake kawigaten tintingan filologi. Filologi yaiku studi naskah kang ngupaya nyinaoni teks-teks klasik (utawa sastra lawas umume), kanthi tujuwan bisa ngandhalikake supaya luwih apik, luwih sampurna, lan manggonake sastra minangka sejarah sawijine bangsa (Purnomo, 2013:14).

Studi filologi kang digunakake sajrone tintingan iki yaiku filologi modern. Filologi modern sajroning nliti naskah, bakal menahi komentar, kritik, lan cathethan ngenani tulisan, tetembungane, sarta basane kang kurang trep lan kurang bener. Tujuwan filologi modern kang dicakake manut trap-trapan tartamtu kanggo nyepakake sunteks lan terbitan naskah. Filologi modern nganggep yen naskah kang ditintingi minangka naskah tunggal. Ora ana naskah liya kajaba naskah kang diteliti utawa kerep sinebut naskah tunggal.

Teks naskah *Serat Wirid Karajan* ing panliten iki bakal diterbitake kanthi edisi diplomatik, kanthi cara naskah ditulis kaya asline banjur dibenerake lan diwenehi komentar. Bab-bab kang bakal ditindakake dening panliti sajrone nerbitake edisi diplomatik yaiku (1) naskah ditulis maneh kaya asline, (2) kaluputan sajrone naskah dituduhake kanthi tandha kang cetha, (3) sawise dibenarake diwenehi panyaru ngenani owah-owahane teks. Edisi iki ditindakake supaya pamaos luwih gampang mangerteni asile panliten.

Serat Wirid Karajan minangka Objek Panlitene Filologi

Objek panlitene filologi yaiku naskah lan teks. Naskah bisa ditegesi minangka tulisan kang ngandhut maneka warna wedaran pikiran lan pangrasa minangka asil budaya bangsa jaman biyen (Baried, 1994:55).

1) Teks *Serat Wirid Karajan*

Teks yaiku babagan kang kinandhut sajrone naskah, kang ora nyata (abstrak) kang mung bisa diangen-angen. Teks ngandhut panemu lan amanat kang arep dituduhake pangripta marang pamaos kang awujud crita. Teks kang ngandhut crita bisa diwaca lan disanoni liwat alur, perwatakan, lelewaning basa, lan liyane (Baried, 1994:57). Teks yaiku tetembungan kang nyawiji lan nduweni makna ing sajrone naskah, kang awujud *abstrak* (Sudardi, 2003:10). Teks *Serat Wirid Karajan* ngandharake lan deskripsikake mistik kejawen. Teks iki ngandharake pamawase panulis ngenani kabudayan Jawa kang oleh pangaribawa agama Islam. Amanat sajrone teks medharake supaya bebrayan Jawa bisa nggayuh kasampurnan sejati.

2) Naskah *Serat Wirid Karajan*

Naskah umume arupa buku utawa bahan tulisan tangan, dadi naskah kuwi barang *konkret* kang bisa dideleng lan bisa dicekel (Baried, 1994:55). Naskah *Serat Wirid Karajan* kuwi objek panliten kang katulis ana ing dluwang. Naskah kang kajilid dadi buku kang kadhapak saka 39 kaca. Naskah iki ora dingerteni panyerate utawa *anonim*. Objek panliten arupa naskah iki katon kurang jangkep amarga perangan mburi naskah katon ana kang ilang.

Tatacarane Panliten Filologi

Tatacarane panliten filologi kalakonan kanthi nintingi sawijine naskah utawa teks lawas kanthi nggunakake trap-trapan tartamtu.

1) Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah ditindakake kanthi tujuan kanggo menehi gambaran naskah marang pamaos ngenani kahanan naskah. Babagan kang diandharake sajrone deskripsi naskah yaiku: (1) panggonane nyimpen naskah, (2) nomer, yen ana ditulis jangkep, (3) penulis, disalin utawa dicethak, (4) bahane naskah; *papyrus*, dluwang, lontar, kulit, welat (5) ukuran naskah, cacah kaca (lembit utawa bilah), (6) cacah larik saben kaca, (7) jinise tulisan, (8) kahanane tulisan (cetha, blawur, rusak), lan (9) kahanan naskah kanthi umum, umure naskah, lan liyane kang gegayutan karo kahanan fisik naskah (Purnomo, 2013:40)

2) Transliterasi Naskah

Transliterasi nduweni teges ngowahi jenise tulisan, tembung mbaka tembung, aksara mbaka aksara, abjad siji marang abjad liyane (Baried, 1994:63). Transliterasi naskah nduweni tujuan ngenalake teks-teks kang kasimpen sajrone naskah kang wis ora ana dikenal lan dimangerteni dening masyarakat modern (Purnomo, 2013:43). Transliterasi mujudake proses nintingi naskah lawas kang kudu katindakake kanggo mangerteni isine naskah.

3) Suntingan lan Kritik Teks

Suntingan naskah kalebu perangan ilmu filologi kanthi tujuan kanggo nyepakake naskah utawa manuskrip sing kaanggep bisa makili edisi ilmiah teks (Purnomo 2013:20). Suntingan teks sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* digunakake prinsip filologi modern, lan bakal diterbitake kanthi edisi diplomatik, kanthi cara naskah ditulis kaya asline banjur dibenerake lan diwenahi komentar. Bab-bab kang bakal ditindakake sajrone nerbitake edisi diplomatik yaiku (1) naskah ditulis maneh kaya asline, (2) kaluputan sajrone naskah dituduhake kanthi tandha kang cetha, (3) sawise dibenarake, diwenahi panyaru ngenani owah-owahane teks. Edisi iki ditindakake supaya pamaos luwih gampang mangerteni asile panliten.

Kritik teks kuwi salah sawijine aspek filologi kang kudu ditindakake sajrone nliti naskah. Kritik teks gunane kanggo ngresiki teks kang ana salah, kliru, lan kang nyimpang. Kritik teks menehi evaluasi tumrape teks naskah, nliti lan ngetrapake teks ing papan kang cetha. Kritik teks ditindakake supaya bisa ngasilake naskah kang gampang dingerteni dening pamaos. Kritik teks uga digunakake kanggo mangerteni *penyimpangan* lan pangrembakane teks kang ditindakake kanthi ora

sadhar (Baried, 1994:61). Purnomo (2007:43) ngandharake yen sajrone kritik teks kang kudu digatekake yaiku: (1) aspek *pungtuasi*, (2) perangane tembung lan ukara, (3) panggunane tandha-tandha *diakritik*, (4) cathethan sarta komentar ngenani teks kang nyimpang.

2.2 Mistik Kejawen

Piwulang ngenani mistik kejawen tuwuh lan ngrembaka ing saperangan sastra Jawa Anyar. Titikane kapustakan islam kejawen yaiku nggunakake basa Jawa, lan amung sethithik kang ngandharake aspek syariat (Simuh, 1988:3). Sajrone Ensiklopedi Umum (1973:837), tembung mistik tegese manunggaling jiwa klawan Gusti lan mistisme yaiku kapitayan bebrayan ngenani sesambungan batin manungsa lan Gusti. Miturut Geertz (1989:415), mistik ing Jawa mujudake metafisika terapan.

Kejawen salah sawijine sistem etika lan sawijine langgam Jawa kang lair saka pamawas Jawa. Kejawen mujudake filsafat kang ngandhut piwulang-piwulang utama mligine sajrone mangun tata krama tumrap wong Jawa. Kejawen salah sawijine pamawas utawa paham ngenani kawruh kajiwan/kawruh batin uga minangka sesebutan tumrap kelompok panyengkuyunge. Miturut Purnomo (2011), kejawen iku tuwuh saka asil *akulturasi* agama islam klawan peradaban kuna Jawa kanthi latar kapitayan animistik lan doktrin Hindu-Budha.

Endraswara (2006:39) ngandharake mistik kejawen kuwi wewujudan salah sawijine laku kang ditindakake dening sawijine aliran kabatinan lan kapitayan Jawa. Mistik Kejawen yaiku piwulang kang ngemot tradisi Jawa lan unsur-unsur piwulang agama. Mistik kejawen kalebu sawijine ngelmu kasampurnan Jawa kanthi ngoceki jatining dhiri sangkan paraning dumadi saengga bisa mujudake manunggaling kawula Gusti.

2.3 Metode Hermeneutika lan Semiotika

Serat Wirid Karajan kang mbutuhake penapsiran kanthi migunakake metode *hermeneutik*. Hermeneutik napsirake karya sastra jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang sumimpen utawa sengaja disimpen kanggo kapentingan tartamtu (Ratna, 2013:45). Miturut Ricoeur (sajrone Endraswara, 2013:42), *hermeneutik* minangka tingtingan kanggo medharake makna sastra kang ana ing sawalike struktur sastra.

Kasusastran kang ditintingi migunakake metode *hermeneutik* ora nengake asil tingtingan kang pener, nanging nintingi lan ngoceki makna kanthi jero utawa optimal. Pamawas mau bisa nuwuhake maneka warna rasa penafsiran makna kang nambahi rasa *estetika*, *etika*, lan *logika* (Ratna, 2011:46). *Hermeneutik* minangka sawijine *paradigma* kang nduweni daya kanggo nafsirake teks adhedhasar *logika linguistik*.

Simbol lan lambang kang ana sajrone sastra uga bisa kaaandharake migunakake tingtingan semiotika. Semiotika yaiku model panliten sastra kanthi nggatekake tandha-tandha. Tandha kasebut makili objek kanthi *representatif* (Endraswara, 2013:64). Tandha yaiku perangan kang makili perangan liyane kang awujud

pengalaman, pamikir, pangrasa, gagasan, lsp (Nurgiyantoro, 2007:40).

Intertekstualitas tumrap Serat Wirid Karajan

Intertektual ditegesi minangka sesambungan utawa jaringan antarane teks siji lan teks liyane (Ratna, 2011:217). Intertekstualitas sawijine kajian tumrap teks kang nduweni sesambungan karo teks liyane (Nurgiyantoro, 2007:50). Intertekstualitas digunakake sajrone nliiti teks supaya bisa nemtokake sesambungane teks siji klawan sijine. Ora ana teks kang mujudake teks asli, tegese yen sajrone nerbitake teks, pangripta wis mesthi mbutuhake teks liya kanggo *reverensi* teks kang bakal diterbitake.

Intertekstualitas miturut Pradopo (2005:228) mujudake studi utawa perspektif karya sastra kanthi nggoleki gegayutane klawan teks liyane lan nduweni *hipogram* utawa karya sastra kang dadi punjere karya sastra. Intertekstualitas uga bisa ngandharake yen karya sastra nduweni sesambungan sejarah antarane karya kang terbite bareng, karya kang terbite luwih dhisik, lan karya kang terbit kari. Sesambungan sajrone intertekstualitas mau bisa padha (*afirmasi*) lan bisa uga beda (*negasi*) (Pradopo, 2005:155).

Panliten bakal nggunakake prinsip teori intertekstual kanggo nganalisis naskah *Serat Wirid Karajan*, amarga naskah Islam Kejawen minangka naskah kang moncer nalika jamane, saengga akeh naskah-naskah kang uga ngandharake bab kasebut. Salah sawijine naskah kang uga ngandharake mistik islam kejawen yaiku naskah *Serat Wirid Hidayat Jati*. Panliten iki ditindakake supaya bisa mbuktekake sesambungan antarane naskah *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati* kang ngrembag bab padha.

Serat Wirid Hidayat Jati salah sawijine karya sastra Jawa Klasik kang kaserat dening R. Ng. Ranggawarsita. Sajrone *Serat Wirid Hidayat Jati* kaandharake piwulang-piwulang tasawuf kang oleh pangaribawa piwulang mistik kejawen.

Prinsip Struktur

Panliten iki migunakake prinsip struktur kanggo ngoceki nilai kang kinandhut sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Prinsip struktur ngandharake yen karya sastra bisa katintingi saka teks sastra kuwi dhewe, nanging kudu nyambungake antarane unsur-unsur karya sastra liyane.

Teeuw (1981:5) ngandharake panemu dhasar ngenani struktur, karya sastra minangka kawutuhan, sekabehe teges kang bunder, nduweni kohesi intrinsik, sajrone kawutuhan kuwi saben bageyan lan unsur nduweni peran kang hakiki. Miturut Terrence Hawkwess (1977) prinsip strukturalisme kasebut nintingi samubarang adhedhasar struktur.

Landhesan Teori

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori filologi kang diandharake dening Baried (1994:2), filologi minangka ilmu kang gegayutan karo kasusastran tulis jaman biyen. Filologi medharake naskah lawas kanggo nggoleki nilai-nilai luhur kang kinandhut sajrone naskah. Tujuwan filologi kanggo medharake asil budaya bangsa liwat tintingan basa sajrone naskah, bisa ndudut *makna* lan *fungsi* naskah. Tintingan filologi katindakake kanggo ngasilake deskripsi naskah lan kritik teks.

Isi kang kinandhut sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* bakal kaandharake kanthi migunakake salah sawijine piranti. Pirantine kang dimaksud kuwi metode, metode kang digunakake metode *Hermeneutik*. Miturut Ricoeur (sajrone Endraswara, 2013:42), *hermeneutik* minangka tintingan kanggo medharake makna sastra kang ana ing sawalike struktur sastra. Karya sastra butuh ditapsirake amarga nggunakake basa, jalaran sajrone basa mau ana makna kang sumimpen utawa pancen disimpen kanggo kepeentingan tartamtu (Ratna, 2011:45). Isi kang ngandharake anane lambang lan simbol bisa kaandharake migunakake metode *semiotika*.

Kanggo mangerteni gegayutane naskah *Serat Wirid Karajan* klawan naskah liyane kang nduweni bab kang padha. Panliten bakal nggayutake naskah siji lan sijine migunakake tintingan intertekstual. Interteks minangka tintingan kang digunakake dening panliten filologi klasik uga modern. Tintingan intertekstual miturut Pradopo (2005:228) mujudake studi utawa perspektif karya sastra kanthi nggoleki gegayutane klawan teks liyane lan nduweni *hipogram* utawa karya sastra kang dadi punjere karya sastra.. Tintingan intertekstual kagunakake kanggo nggoleki sesambungane *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*.

Nilai-nilai kang kinandhut sajrone naskah bakal katintingi migunakake sawijine pendekatan. Pendekatan kang dikarepake kuwi pendekatan prinsip struktur. Panliten iki migunakake prinsip struktur kanggo ngoceki nilai kang kinandhut sajrone naskah. Prinsip struktur ngandharake yen karya sastra bisa katintingi saka teks sastra kuwi dhewe, nanging kudu nyambungake antarane unsur-unsur karya sastra liyane.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki yen diwawas saka *objek* panlitene, kalebu panliten *kualitatif* amarga *objek* kang digunakake ing panliten iki arupa dokumen. Wujude data arupa tembung-tembung tinulis utawa lisan saka manungsa lan solah bawane kang bisa dideleng (Moeloeng, 2006:4). Panliten *kualitatif* mujudake jenis panliten analisis isi kang akeh-akehe arupa dheskripsi/andharan. Jenis panliten *kualitatif* sajrone panliten iki asipat *deskriptif*, yaiku panliten kang asil datane arupa tembung-tembung kang tinulis. Metode *deskriptif analitik* digunakake sajrone panliten iki amarga ing kene panliten bakal ngandharake isine naskah saengga bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani bab mistik kejawen.

Sumber Data lan Data

Sumber data kalebu sawijine perangan panliten kang wigati kanggo nganalisis data. Naskah *Serat Wirid Karajan* minangka sumber data sajrone panliten. Sumber data *Serat Wirid Karajan* arupa foto saka *Serat Wirid Karajan*. Dene naskah asline kasimpen dening salah sawijine kolektor ing Surabaya kanthi aran Bapak Erwin. Panjenengane nduweni toko buku lawas ing Kampung Ilmu, Jalan Semarang kutha Surabaya – Jawa Timur.

Data kang digunakake sajrone deskripsi naskah yaiku irah-irahan naskah, ukuran naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, kahanan fisik naskah, tulisan naskah, basa naskah, lan wujud genre naskah. Suntingan

teks katindakake migunakake data kang arupa teks-teks sastra kang kurang trep panulisane. Tinting kanggo ngoceki mistik kejawen migunakake metode *hermeneutik* kanthi data teks-teks kang ngandharake piwulang mistik kejawen. Kanggo nggoleki sesambungan intertekstual naskah *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati* migunakake data teks *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati* kang katon padha utawa memper.

Instrumen Pangumpul Data

Instrumen pangumpul data yaiku sarana utawa piranti kang digunakake kanggo ngumpulake lan ngolah data panliten (Arikunto, 2006:149). Instrumen ing panliten iki dibedakake dadi rong jinis miturut sesambungan kalawan sipat data lan jinis panliten, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti mujudake instrumen kang nyusun ancangan panliten, ngumpulake data, nintingi data, sarta nyusun laporan asiling panliten (Moeloeng, 2008:168). Instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku antarane arupa, polpen lan cathethan.

Tata Cara Pangumpul Data

Tata cara pangumpul data uga kudu digatekake amarga kalebu peranan utama sajrone filologi. Tata cara pangumpul data mujudake sawenehe cara kanggo ngasilake data-data kang dibutuhake sajrone panliten. Tata cara pangumpul data migunakake teknik pustaka. Teknik pustaka minangka teknik pengumpul data kang nggunakake sumber data awujud tulisan (kapustakan). Teknik pustaka nggatekake objek panliten kang arupa teks naskah lawas sarta nggatekake metode kang digunakake sajrone panliten kang arupa naskah. Tata cara pangumpulane data iki antarane:

1) Transkripsi

Naskah *Primbon Jampi Jawi* kang ditulis nganggo aksara Jawa ditranskrip menyang aksara latin. Nalika nraskrip naskah menyang aksara latin, panulisane nggunakake kaidah panulisan kang bener.

2) Maca naskah

Maca naskah katindakake supaya bisa mangerteni isine naskah. Ora maca nanging kudu dipahami karepe. Sarana weneh tandha ing bagian naskah kang kaanggep penting supaya gampang anggone nindakake analisis sabanjure.

3) Merang isi naskah

Sawise naskah diwaca, banjur diperang miturut klompok sub andharan kang padha. Dhasar pamerange manut sub andharan kang ana sajrone naskah. Klasifikasi data kang bakal ditindakake kaya ngisor iki:

Merang data kanggo ngasilake deskripsi naskah katindakake kanthi milih data kang nduweni sesambungan karo deskripsi naskah. Data sajrone deskripsi naskah yaiku irah-irahan naskah, panulis lan wektu panulisan, basa, kahanan naskah, lsp. Suntingan teks katindakake kanthi merang data kang arupa tetembungan sastra kang kurang trep panulisane. Merang data kang ngandharake mistik kejawen kanggo ngoceki piwulang lan filsafat sajrone mistik kejawen migunakake metode *hermeneutik* lan *semiotik*. Data kasebut arupa wedharan naskah bab mistik kejawen kang kaandharake kanthi langsung uga lumantar simbol. Panliten

intertekstual naskah *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati* katindakake kanthi merang data teks *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati* kang katon padha utawa memper.

Tatacara Nintingi Data

Panintinge data nduweni tujuan kanggo nintingi data kang wis nglumpuk. Panintinge data iki migunakake teknik tintingan *deskriptif analitik* kanthi prinsip filologi modern. Tumindak kang dilakoni nalika nintingi data ing antarane yaiku:

1) Pandhudhahe Mistik Kejawen sajrone Naskah *Serat Wirid Karajan*

Panliten bakal ngandharake mistik kejawen sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Bab iki bakal nyebutake mistik-mistik kejawen lan ngandharake siji mlaka siji, saengga bisa dingerteni dening pamaos andharan lan gegambaran mistik kejawen kang ana sajrone naskah. Mistik kejawen kang ana sajrone naskah kasebut bakal diandharake migunakake metode *hermeneutik*, kanthi napsirake isine naskah. andharan kang wujud simbol lan lambang katintingi migunakake metode semiotika.

2) Intertekstualitas *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati*

Interteks minangka tintingan kang digunakake dening panliten filologi klasik uga modern. Tinting intertekstual kasebut digunakake kanggo nggoleki sesambungan ing antarane teks sastra (Endraswara, 2013:130). Intertekstual digunakake amarga sajrone sastra ana kang silih-sinilih tembung, ukara, uga frasa antarane sastra siji karo liyane. Interteks dicakake kanggo nggoleki sesambungan sastra saengga katon pengaruhe sastra siji marang sastra liyane. Tinting interteks ing panliten iki bakal nggoleki sesambungan antara *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*.

3) Nilai-nilai kang kinandut sajrone *Serat Wirid Karajan*

Naskah *Serat Wirid Karajan* nduweni nilai-nilai lan piwulang becik kang bisa disinauni. Nilai-nilai kang kinandut sajrone sastra bisa katintingi migunakake prinsip struktur. Prinsip struktur ngandharake yen karya sastra bisa katintingi saka teks sastra kuwi dhewe, nanging kudu nyambungake antarane unsur-unsur karya sastra liyane. Struktur *minangka* sawijine organisasi utuh kang bageyan-bageyane padha sinambungan kanthi fungsional, tegese bageyan kasebut tansah nduweni sesambungan kang padha bisa nemtokake makna, lan mung nduweni teges ing sajrone kesatuan.

4) Menahi Dudutan saka Asile Tinting Data

Tahap pungkasan kang bakal katindakake bisa ngasilake lan nyuguhake dudutan saka sakabehe asile tintingan, kanthi basa kang lumrah lan dimangereni para pamaos, saengga ing sajrone underane panliten bisa kawangsulan. Dudutan katindakake kanthi narik simpulan saka andharan-andharan kang ana sajrone panliten kang bakal ditindakake.

DHESKRIPSI NASKAH

Dheskripsi naskah medharake kahanan naskah kang dadi objek panliten, kayata ngenani: irah-irahan naskah, nomer naskah, ukuran naskah, cacah kaca,

wujude, lan sapiturute (Subandiyah, 2010:85). Dheskripsi naskah nduweni tujuwan kanggo menehi gegambaran marang pamaos ngenani kahanane naskah lan nggampangake panliten sabanjure. Dheskripsi naskah ing panliten filologi wajib ditindakake minangka purwakane panliten naskah kang bakal diteliti. Dheskripsi naskah kang kaandharake nduweni paedah kanggo nggambarake kahanane naskah kanthi apa anane.

Irah-irahan Naskah Serat Wirid Karajan

Irah-irahan naskah kerep kaserat ing perangan ngarep naskah kang sinebut wadana, utawa mburi naskah kang diarani kolofon. Wadana yaiku perangan ngarep utawa wiwitan saka sawijine naskah. Wadana ing basa Jawa kuna diarani bebuka, tembung wadana banjur digunakake ing panliten naskah Jawa (Saputra, 2008:36). Kolofon yaiku cathethan kang ana ing pungkasan teks, lumrahe ngenani papan, tanggal, lan panulisane naskah. Irah-irahan naskah *Serat Wirid Karajan* cetha banget kaserat ing naskah. Irah-irahan kasebut katulis ana ing samak naskah lan sinebutake ing sajrone naskah ing perangan kolofon.

Samak naskah rupane soklat, lan ing tengah ndhuwur samak ana templekan kertas putih kang mujudake irah-irahan naskah. Irah-irahan naskah kang sejatine tinulis *Serat Wirid Karajan 1*. Irah-irahan kasebut katon kurang trep saengga kasunting dadi “*Serat Wirid Karajan*”. Tembung serat digunakake kanggo sesebutan sawijine kapustakaan Jawa. Tembung “wirid” kang durung baku, banjur kasunting dadi “wirid” minangka panulisan kang luwih baku lan bisa ditemokake ana ing sajrone kamus. Tembung “wirid” kang digunakake dening pangripta sajrone naskah mujudake asumsine pangripta dhewe. Yen panulis nyerat naskah manut babon kang wis ana sadurunge utawa babon asline kang migunakake basa Arab kudune migunakake tembung wirid. Tembung wirid asale saka basa Arab kang ateges teka utawa rawuh. Bab kasebut dikuwatake kanthi anane tembung-tembung kang tibane uga migunakake aksara /d/ nanging ditulis /t/ kayadene tembung “murid” sajrone naskah kang ditulis “murit”.

Angka siji kang ana ing irah-irahan katon kurang trep. Angka kasebut katon mung tambahan, amarga dideleng saka mangsi kang digawe warnane wis beda lan migunakake aksara romawi. Bab kasebut nuduhake yen angka siji kasebut nuduhake asumsi utawa panemune salah sawijine pawongan. Panyerat angka siji kang dinuga tambahan kuwi ora dingerteni. Sajrone naskah kang uga nyebutake irah-irahan naskah ora nyebutake anane angka siji kasebut. Kanthi mangkono angka siji kang ana ing irah-irahan ora digunakake ana ing panliten iki. Panliten migunakake irah-irahan *Serat Wirid Karajan* kanggo nyebutake naskah kang dadi objek.

Irah-irahan naskah kajaba bisa dideleng saka samak buku uga bisa dideleng ana ing wadana sajrone naskah.

.... *Serat Wirid Karajan* wasiyat sangking Sang Adi Panembahan Tarub kaping 2, Raden Bondhan Kajawan, putranipun Sri Maha Prabu Brawijaya Ratu Agung Binathara ingkang kaping 5, Nagari Majapait. (SWK:1)

Tembung wirid pancen trep yen digunakake kanggo nyebutake irah-irahane naskah. Wirid nggambarake sawijine kasusastran kang ngandharake ngelmu agama. Wirid salah sawijine karya sastra Jawa kang ngandharake piwulang-piwulang tasawuf arupa patuduh kanggo pamaos ngenani sikap utawa hakekat dhir minangka titahing Gusti (Purnomo, 2011:57). Karya sastra kang arupa wirid nduweni wujud gancaran. Miturut Simuh (1998:277) sajrone tasawuf, wirid ateges laku utawa amal-amal kang kudu ditindakake kanthi tlaten ing wektu tartamtu. Andharan kasebut trep yen dislarasake klawan isine naskah *Serat Wirid Karajan* kang medharake ngelmu kasampurnan. Sastra wirid ngrembaka nalika jaman Surakarta utawa kalebu kasusastran Jawa Klasik.

Panulis lan Wektu Panulise Naskah

Panulis lan wektu panulise naskah *Serat Wirid Karajan* kang diteliti bisa ditemokake ing kolofon naskah. Panulis naskah ora diandharake kanthi cetha. Panulis mung nyebutake wektu panulise. Panulis nyebutake wektu panulisan naskah kanthi cetha ana ing wadana naskah.

Ing dinten Rebo Wage tanggal kaping 6 wulan sapar taun alip 1859 wanci jam 12 siyang, nuju wuku wukir, (SWK:1)

Pethikan kasebut ngandharake wektu panulisan naskah. Naskah katulis nalika dina Rebo Wage, tanggal enem wulan Sapar taun Alip 1859. Taun Jawa 1859, kira-kira padha karo 1929 Masehi, amarga slisih 70 taun luwih cepet. Naskah kasebut uga nyebutna wayahe pangripta nulis naskah nalika tabuh rolas awan. Yen dideleng saka wektu panulise kang amung mbutuhake wektu kang ringkes, naskah iki amung awujud turunan saka naskah asline.

Panulis ora nyebutake jenenge, nanging ngandharake yen naskah kasebut salah sawijine warisan kang turun-tumurun. Panyerat ngaturake yen naskah iki wasiyat saka Raden Bondhan Kajawan kang kawarisake marang para putra lan putune. Dadi bisa dingerteni yen panulis minangka penyadhur utawa kang nulis maneh. Yen dideleng saka naskah, panyerat naskah iki asale saka kraton.

Ukuran Naskah

Ukurane naskah *Serat Wirid Karajan* bisa diwawas saka tabel ngisor iki:

No.	Bab	Andharan	Katrangan
1	Cacahe kaca	39 kaca, 20 lembar	Kaca pisanan nerangake pambukaning naskah. kaca loro dibarake kothong ora ana teks/tulisan. Kaca telu nganthi pungkasan minangka andharan naskah.
2	Kandele naskah	0,5 cm	-
3	Dawane	22 cm	-

	kertas		
4	Ambane kertas	16 cm	-
5	Cacahe gatra saben kaca	23-24 larik	Gatra kang dikarepake ing kene yaiku larik. Rata-rata saben kaca nduweni 23-24 larik. Kajaba pambukane naskah 17 larik.
6	Dawane teks	19 cm	Wates ngisor lan ndhuwur teks beda. Wates teks sisih dhuwur 2 cm, wates teks sisih ngisor 1 cm.
7	Ambane teks	14 cm	Pinggir kiwa lan tengen tulisan ana garis pinggir. Garis pinggir kasebut ambane kiwa 1 cm, tengen 1 cm. Ambane teks saben lembar 14 cm.

Kahanan Fisik Naskah

Naskah *Serat Wirid Karajan* kang asale saka salah sawijine kolektor ing Surabaya yaiku Bapak Erwin kang dedunung ing ing tlatah Surabaya. Naskah kasebut sumempen kanthi becik lan katata rapi ana ing lemari kaca kang tansah dirawat. Naskah kang dadi koleksine bapak Erwin luwih saka 50 naskah. Naskah kasebut arupa naskah tulis tangan lan uga naskah kang wus awujud ketik. Kajaba naskah, buku-buku lawas lan kalawarti kang lawas uga kalebu koleksi panjenengane.

Naskah *Serat Wirid Karajan* katon isih apik. Samak naskah isih wutuh. Teks sajrone naskah ora ana kang rusak, kabeh isa diwaca najan ana saperangan kang katon blobor. Sajrone naskah ora ana kaca kang ilang, kabeh isih ituh. Naskah kasebut katon ora ana kurange jalaran jilidane uga isih apik, nanging yen ditintingi maneh naskah kasebut katon durung rampung. Saperangan naskah kang pungkasan katon ana kang ilang. Andharan kang kaserat uga katon cuthrl. Mbok menawa pancen ana kaca kang ilang utawa ana saperangan kaca kang kapisah lan dibendhel dhewe dadi *Serat Wirid Karajan 2*.

Tulisan Naskah

Kahanan tulisan naskah *Serat Wirid Karajan* kang katulis migunakake aksara Jawa katon rapi, cetha, saengga gampang anggone maca. Najan ana tulisan kang mblobor nanging isih isa diwaca. Tulisan naskah *Serat Wirid Karajan* nganggo tulisan tangan, wujud tulisan miring lan rapi. Tulisan katon rapi amarga anane garis-garis tipis, minangka sarana anggone panyerat nulis naskah. Sisih kiwa lan tengen naskah uga katon ana garis pinggir. Kajaba tulisan, ing saperangan kaca uga

kawuwuhan gambar-gambar kanggo nyethakake andharane teks.

Sajrone naskah, ana saperangan tulisan kang migunakake angka Romawi. Angka romawi digunakake kanggo gelar manungsa, kayadene: Sang Adi Panembahan Tarub II lan Sri Maha Prabu Brawijaya Ratu Agung binanthara ingkang japing loro. Kajaba ana sajrone naskah, ana ing irah-irahan naskah kang ana ing samak uga nulisake angka Romawi. Irah-irahan *Serat Wirid Karajan I*, angka siji katulis migunakake angka Romawi. Angka kang ana ing samak katon mung tambahan dhewe, amarga mangsi kang digunakake warnane wis beda.

Basa Naskah

Basa naskah *Serat Wirid Karajan* migunakake basa Jawa. Basa utama kang digunakake kanggo ngandharake isine naskah iki nggunakake basa Jawa Anyar. Ana saperangan basa Arab najan amung winates ana ing panganggone donga niat adus, lan uga wujud tembung-tembung kang digunakake sajrone naskah. tembung-tembung kang minangka serapan saka basa Arab digunakake ing naskah jalaran naskah iki minangka wujud sastra Jawa kang kaprabawan agama Islam. Tembung Arab uga digunakake nalika ngandharake dedonga. Tembung lan ukarane gampang dingerteni. Basa kang digunakake awujud basa *naratif* utawa basa panuturan, dudu basa pancelathon.

Basa Jawa Anyar minangka basa kang lumrah digunakake ing sajrone panulisan kasusastran Jawa Anyar. Basa Jawa Anyar wiwit ngrembaka nalika abad ke-16, nalika agama Islam wiwit sumebar ing tlatah Jawa. Basa Jawa Anyar minangka basa kang utama digunakake sajrone naskah *Serat Wirid Karajan*. Basa Jawa Anyar gampang dingerteni amarga isih digunakake ing basa padinan.

Serat Wirid Karajan uga migunakake saperangan tembung kang klebu serapan saka basa Arab. Basa Arab sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* iki dudu basa kang utama digunakake kang medharake isine naskah. Tembung-tembung kang asale saka basa Arab digunakake sajrone naskah jalaran kalebu naskah kang kaprabawan piwulang agama Islam. Basa Arab mlebu lan tuwuh ing tanah Jawa amarga sumebare agama Islam ing tanah Jawa. Basa Arab kang ana sajrone naskah winates banget, mung ana saukara kang mujudake sawijine niat, kaya ngisor iki.

Bismillaahir rahmaanir rahiim, nawaitu raf'al hadatsi li'isti bakatisa (SWK:5)

Allahumma soli wa salim'alla (SWK:6)

Pethikan kasebut nuduhake basa Arab kang mujudake niat adus jinabat. Niat kasebut nduweni teges “niyatingsun adus jibat jaba suci jero suci lan ngilangake kadas gedhe, sangking kersaning Allah ya Allahu Alamkhak”. Panyerat uga nulisake sahadat kang dadi sarat kang kudu kaucapake sadurunge nindakake laku. Kanthi mangkono panganggone basa Arab winates banget, nanging akeh panganggone tembung-tembung kang mujudake serapan saka basa Arab.

Tembung-tembung sing asale saka basa Arab ora akeh nanging uga ora sethithik. Tembung-tembung basa Arab kaya dene: *Allah* (Gusti Kang Murbeng Dumadi,

Pangerane wong Islam), *Nabi Muhammad* (nabi pungkasan, nabine wong Islam), *Bismillahirrohmanirrohim* (donga kanggo ngawali kegiatan kang nduweni teges nyuwun lelindhung saka godhane setan), *Allahuma soli wa salim alla* (ora ana Gusti kajaba Allah), *ikhlas* (tanpa pamrih), tafakur (mikir), *syahadat* (paseksen), *nur* (cahya), *istigfar* (nyuwun pangapura), *af'al* (sipat-E Gusti), *iman*, *InsyaAllah* (yen Gusti Allah ngijabahi) lsp.

Wujud Naskah

Saben naskah nduweni salah sawijine wujud ekspresi sastra kang arupa *genre*. Wujud naskah digunakake kanggo titikan lan pambada antarane karya sastra. Wujud naskah biyasane kaperang dadi loro, awujud tembang lan *genre* gancar. Naskah *Serat Wirid Karajan* nduweni *genre* sastra awujud gancaran. Salah sawijine titikan sastra wirid dhewe nduweni wujud gancaran. Sastra wirid pancen beda klawan sastra suluk kang nduweni wujud tembang. Yen katitik saka isine sastra wirid nduweni titikan minangka naskah kang ngandharake piwulang agama. Wujud kang wis rumesep ana ing sastra wirid minangka salah sawijine titikan tumrap sastra kraton. Sastra kang awujud wirid kalebu *Serat Wirid Karajan* mujudake salah sawijine asil saka sastra kraton.

Isine Naskah

Naskah *Serat Wirid Karajan* iki kanthi umum isine ngenani piwulang kanggo manungsa, piwulang kasebut gegayutan karo agama Islam kang asifat mistik kejawen. Piwulang agama Islam kang diandharake gegayutan karo sipate naskah kang tuwuh ing tradisi Jawa, saengga karya sastrane kapribawan agama Islam kanthi pamikire wong Jawa. Piwulang kang diandharake sajrone naskah lumantar teks kang awujud gancaran.

Piwulang kang diandharake sajrone naskah ngenani mistik kejawen, filsafat kang diandharake wong Jawa tumrap kapitayan Jawa. Sajrone naskah kasebut diandharake laku kang kudu ditindakake dening bebrayan panyengkuyunge. Piwulang ngenani ngelmu batin kang kudu ditindakake supaya bisa gegayuhan “Manunggaling Kawula Gusti”.

Ing wiwitan *Serat Wirid Karajan* ngandharake yen wirid kang bakal kawedhar kaperang dadi sanga bab, nanging nyatane wirid bab kaping wolu lan sanga ora ana.

Wirid bab I ngandharake tata cara mulangake wejangan kanthi nemtokake wektu lan panggonan kang trep. Banjur nyepakake sesajen, sawise kuwi guru lan murid nindakake wudhu lan niat. Reroncene wejangan kaya mangkene: (a) Wisikan ananing Dzat, (b) Wisikan wahanan Dzat, (c) Wisikan gelaran kaananing Dzat, (d) Wisikan tata malige baitul makmur, (e) Wisikan tata malige baitul muharram, (f) Wisikan tata malige baitul muqoddas, (g) Wisikan santosaning iman, (h) Wisikan ngelmu sahitan, (i) Sahadat sampurna sajatining urip Wirid bab II ngandharake dhasare serat wirid iki saka Al-Qur'an, hadis, ijma' lan Qiyas. Bab iki uga ngandharake ngenani *sangkan paraning dumadi*. Wirid bab III ngandharake ngenani pati lan dununge budi patang prakara. Wirid bab IV ngandharake sipat wajib Gusti Allah lan ngelmu kang kudu disinaoni. Wirid bab V

nyaritakake panyiptane dumadine utawa manungsa ing ngalam donya. Wirid bab VI medharake tandha-tandha tumekane pati. Wirid bab VII nyebutake nabi-nabi kekasih Allah.

Suntingan Teks

Suntingan yaiku asile tumindak ngedit utawa nyunting, dene tembung suntingan tegese nyepakake naskah dadi siyap cethak utawa sing siyap diterbitake kanthi lelandhesan segi sistematika, isi, lan basa nalika nyuguhake (ngenani ejaan, diksi, lan struktur ukara) (KBBI, 2001:1106). Suntingan teks kang diandharake minangka asil tintingan saka transliterasi naskah Serat Wirid Karajan. Suntingan teks nduweni sawetara tatacara kang kudu katindakake kayata: lelandhesan suntingan, asile suntingan teks, kritik teks, lan komentar. Suntingan kang diandharake linandhesan saka kekeliruan teks, kekhususan, lan uga kang kang nari wigati.

Lelandhesan Suntingan Teks

Lelandhesaning suntingan teks ngandharake perangan dhasar tembung lan tandha kang digunakake ing suntingan teks naskah Serat Wirid Karajan

Asil Suntingan Teks

Asile transliterasi tulisan aksara Jawa sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* katerbitake kanthi edisi diplomatik. Asile kasunting adhedhasar perangan naskah kaca kang ana ing sajrone naskah.

Aparat Kritik

Aparat kritik tujuwane kanggo mangerteni wujud teks kang luput lan bener, adhedhasar makna kang kinandhut sajrone teks. Kanggo ngarani teks kang ana sajrone naskah lan suntingan teks, sajrone aparat kritik iki digunakake singkatan supaya luwih ringkes

Komentar

Komentar kanggo andharan tumrap asile suntingan teks naskah Serat Wirid Karajan kang wis kacepak miturut nomer kang wis diwenahi ing suntingan teks. Ora kabeh tembung lan ukara kang ana ing teks diwenahi komentar, jalaran komentar kang diwenahi adhedhasar saka tembung tartamtu kang narik kawigaten.

- 1) Tembung “wirit” kapilih sajrone suntingan amarga panganggone aksara /t/ kutang trep. Aksara /t/ kaowahi migunakake aksara /d/ amarga tembung wirit ora nduweni teges. Tembung wirid asale saka basa Arab kang ateges teka utawa rawuh.
- 2) Angka “1” diilangi utawa dibusak saka irah-irahan. Angka siji kang ana ing irah-irahan katon mung tambahan, amarga dideleng saka tinta kang digawe warnane wis beda lan migunakake aksara romawi.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Mistik Kejawen sajrone Serat Wirid Karajan

Mistik kejawen ngemu filsafat kang kudu kawedharake kanthi ati-ati. Aja nganti kawruh sajrone mistik kejawen kleru anggone negesi, amarga bisa nuwuhake pamikiran kang negatif. Akeh wong kang nyebutake yen mistik kejawen kuwi kalebu mistik kang musrik. Kuwi pamikiran kang kleru banget, mistik kejawen salah sawijine cara kang digunakake wong Jawa supaya bisa nggayuh ngelmu sejati. Kanthi ngelmu sejati manungsa bisa luwih cedhak mring Gusti Allah lan bisa nggayuh manunggaling kawula Gusti.

Pamawas Bab Gusti Allah

Piwulang kejawen nduweni panemu yen Gusti bisa tumindak apa wae kanthi sampurna. Gusti Allah bisa nyiptakake alam donya saisine kalebu manungsa. Ana telung bab kang dadi adhedhasar masyarakat Jawa nduweni perspektif bab Gusti Allah: 1) manungsa bisa urip amarga ana kang gawe urip lan nguripake manungsa ora liya Gusti Kang Murbeng Dumadi, 2) becike manungsa urip adhedhasar rasa lan tepa slira, 3) aja seneng meksa kekarepae dhewe marang wong liya (Abimanyu, 2014:66).

Dzat, Sipat, Asma, lan Af'al Allah

Hakekat Gusti Allah miturut naskah *Serat Wirid Karajan* bisa kawawas ing pethikan ngisor iki:

Sajatine ora ana apa-apa, duk masih awang-awang uwung-uwung durung ana sawiji-wiji, kang ana dhingi iku ing sun, ora ana pangeran ananging ing sun, sajatine Dzat kang Maha Suci anglimputi ing sipatingsun, anartani ing Asmaningsun, amertandhani ing Apngal ing sun, dununge kaya ing ngisor iki. (SWK:11-12)

Pethikan kasebut ngandharake yen Gusti Allah nduweni sipat kang ghaib. Kacaritakake Gusti nalika durung ana apa-apa kajaba alam kang suwung. Gusti Allah ana sadurunge sekabehe kedadean ing donya lan saisine. Panjenengane kang bisa ngowahi alam kang suwung saengga bisa mujudake alam donya saisine. Dzat kang Maha Suci kang ngliputi sipat, asma, lan apngal. Dzat, sipat, asma, lan apngal Allah nduweni teges kang beda nanging tansah nyawiji lan ora bisa kapisahake.

Konsep Martabat Pitu

Mistik kejawen medharake yen manungsa cinipta saka Dzat Gusti Allah. Dzat Tunggal kang nyiptakake donya lan saisine kalebu manungsa. Gusti Allah ngandharake proses ciniptane manungsa kang asale ora ana, dadi ana lumantar *tajjali*. Ciniptane manungsa kasebut ana ing sajrone tataran kang cacah pitu. Tataran ciniptane manungsa kasebut karangkum ana ing sajrone konsep martabat pitu.

1) Martabat Ahadiyat

Martabat Ahadiyat mujudake martabat kang paling dhuwur ngenani Gusti kang ora bisa ginambar anane Dzat kang ora bisa sinebut kanthi jeneng apa wae. Ing martabat iki ora ana sawiji-wiji kajaba Dzat Gusti. Kabeh kahanan ing alam donya isih awang-uwung, sunyaruri, sarta ora ana sipat, asma, lan tumindak. Allah ana ing sajrone kahanan Ghayb al-Ghuyub, yaiku kaananE kang ghaib (Abimanyu, 2014:90). Allah ora bisa dirasa kanthi panca indera, amarga Gusti durung medharake ngenani kanyatan kang pisik. Allah sajrone kaanan kang ora awujud, kang ora dimangerteni dening manungsa utawa para wali, nabi lan malaekat. Gusti Allah durung medharake lan nyiptakake samubarang. Martabat Ahadiyat minangka salah sawijine martabat kang paling dhuwur bab Gusti Allah.

Martabat Ahadiyat kang dijlentrehake ing sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* kaya ing ngisor iki.

Kayu sajaratul yakin, kang tumuruh ana sajrone alam Adam makdum ajali atadi, tegese iku kayu sajati, dumunung ana jagad sonyaruri, isih

awang-awang uwung-uwung ing salawase, ing kahanan kita, iya iku kakekate Dzat mutlak kang kadim, iya iku ananing Dzat kang dhingin dhewe, iku Dzating atma, dadi wahananing alam wakadiyat (SWK:13)

Saka pethikan kasebut, Alam Ahadiyat utawa sajrone naskah sinebut wakadiyat iki nuduhake alam kang isih awang-uwung durung ana. Sajrone alam ahadiyat ana kayu kang sinebut sajaratul yakin uga sinebut *hayyu* (urip) utawa atma. Gusti Allah durung nindakake *tajjali*, isih arupa Dzat Gusti Allah kang mutlak kang tunggal. *Hayyu* utawa atma kang dadi wiwitan isih asipat *la ta'yun*, tegese ora dingerteni kahanane, ora bisa dipadhakake karo apa wae. Sajaratul yakin nduweni teges wit kauripan utawa “kajeng sajati/kayu sejati”. Gusti Allah kuwi hakekat Dzat kang luwih dhisik, Dzatullah kang ana nalika isih awang-uwung durung ana apa-apa kajaba Dzat Allah.

2) Martabat Wahdat

Martabat angka loro sinebut Wahdat utawa al-Wahdah kalebu al-Ta'ayyun awal (Abimanyu, 2014:95). Tingkatan iki durung katon anane wewatesan ing antarane siji lan sijine. Wahdat mujudake hakekat cahya, kang kaandharake minangka tajaline Dzat ing sajrone nukat gaib kang dadi sipate Atma. Roh Nabi Muhammad mujudake roh kang wiwitan kaciptaake kaya kang kaandharake sajrone ukara ‘*Awwalu maa kholaqollahu ruhii*’ tegese Allah wiwitan nyiptakake rohku. Gusti Allah mung ngatonake Dzate sajrone kualitas kang mudhun supaya luwih gampang ngerteni kaanane Gusti. Dzat Allah banget suci anggone dikenali, saengga asma mujudake kreteg supaya Gusti Allah gampang dikenal. Gusti Allah nggambarake Dzate sajrone wujud Nabi Muhammad.

Anane alam asale saka hakekat Muhammadiyah utawa Nur Muhammad kang asale saka Dzat kang Hadrah al-‘Ama’iyyah utawa hadrah kang ora dimangerteni. Nur Muhammad kaperang dadi loro, kang kedadean saka rupa Qadim lan ajali, rupa qadim mujudake wiwitan saka anane sakabehe Dzat, ora kaiket lan ora wewatesan wektu. Rupa qadim sumber dumadine Nabi, Rasul, lan Malaekat. Cahyane padhang jingglang ora ana kang luwih padhang kajaba Nur Muhammad. Ajali minangka rupa saka Muhammad kang mujudake dumadine manungsa, kang kaiket dening wektu lan owah saben wektune, ngrasakake suka cita, kuciwa, pangangen-angen, sarta nduweni sesambungan klawan manungsa liya.

Wujud Dzatullah kang ana sajrone dhiri Nabi Muhammas ana patang prakaya yaiku wujud (ana), ilmi (ilmu), nur (cahya), lan syuhud (prasaja). Muhammad salah sawijine hamba kang mulya banget. Panjenengan katon gamblang lan awujud. Panjenengane uga nduweni ngelmu kang pinunjul, akeh babagan Nabi Muhammad mangerteni. Jiwa lan ragane sumunar cahya kang ora ana ing makhluk liyane, amarga mung cahyane Gusti Allah. Senajan Nabi Muhammad nduweni kaluwihane kang akeh banget nanging panjenengane tansah prasaja.

Nur Muhammad tegese iku cahya kang pinuji, kacarita ing hadis rupane kaya manuk merak ana

sajrone sasotya kang putih, dadi ana sajrone nukat gaib, kang minangka sipating atma dadi wahananing alam wahdat. (SWK:13)

Petikan kasebut ngandharake yen Nur Muhammad mujudake martabat Wahdat, kang arupa sipat atma. Wahdat sajrone piwulang martabat pitu nggambarake kesatuan kang ngandhut kejamakan kanthi global. Durung katon anane wewatesan ing antara siji lan sijine, nanging wis dadi ta'yun awal saka kanyatan kang bisa dikenal lan dingerteni. Nur Muhammad asale saka permata putih kang wening lan asale saka alam Jabarut. Wewujudane Nur kasebut arupa merak, banjur dipanggonake ana ing kayu sejati utawa wit kauripan kang sinebut Sajaratul Yakin.

3) Martabat Wahidiyat

Martabat kaping telu diarani Martabat Wahidiyat. Tingkatan iki Dzat Gusti nindakake tajjali lumantar asma-asma kang sinebut Asmaul Husna (Abimanyu, 2014:100). Martabat Wahidiyat nduweni sipat *maknuwiyah* kang tegese martabat asma lan martabat iki mujudake ilmu Allah kanthi Dzat lan sipat-E.

Manungsa dikarepake bisa kenal marang rohe (nyawa) kang bisa ndadekake jasmani lan rohani dadi urip. Jasmani ora bakal obah yen ora oleh perintah saka jiwa. Jiwa ora bisa weneh perintah tumrap obahe jasmani yen ing njerone ora ana roh. Martabat Wahidiyat kang ana sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* kaya kang kaandharake ana ing sajrone pethikan ing ngisor iki.

Kaca miratul kayai, tegese kaca wirangi, kacarita ing hadis ana sangarepe Nur Muhammad, iya iku kakekating pramana kang ing ngaku rahsaning Dzat, minangka asmane atma dadi wahananing alam wakidiyat. (SWK:13)

Martabat Wahidiyat utawa Wakidiyat diupamakake kadya Miratul Haya'i kang tegese kaca wara'i. Alam kasebut ana lan asale saka Nur Muhammad, hakekate alam kasebut awujud pramana kang sinebut rahsa Dzat. Alam Mir'atul Haya'i kang dipadhakake karo pramana, sir, utawa rahsa diarani tajjali saka alam Nur Muhammad. Pramana utawa sir mujudake sawijine zat kang ana sajrone anggane manungsa. Dzat kasebut ora melu ngrasakake sedhik, susah, mangan-ngombe utawa samubarang tumindak kang awujud fisik. Pramana bisa kaasah kanthi nindakake dzikir utawa nuwuhake keimanan marang Gusti kanthi dedonga lan bab-bab liyane kang asipat religius.

4) Alam Arwah

Martabat kaping papat diarani alam al-arwah (alam roh) kang awang-uwung tumrap manungsa. Alam Arwah mujudake sumber dumadine malaekat, manungsa, kewan, uga tetanduran kang isih asipat jamak. Sipat al-arwah kaperang dadi papat; Roh Namiya, Roh Mutaharrika, Roh Natika, lan Roh Kudus (Abimanyu, 2014:104). Roh Namiya gunane mujudake uripe manungsa, kewan, lan tetanduran. Tugase kanggo ngrumat lan nuwuhake. Roh Mutaharrika mujudake roh kang mbesuk ana ing sajrone manungsa lan kewan. Roh Mutaharrika uga sinebut roh hewani amarga kabeh kewan bisa obah amarga anane roh iki. Roh Nalika utawa roh

insani mujudake dumadine manungsa lan kang ngobahake uripe manungsa. roh natika asale saka panggonan roh lan napsu kang awujud pralambang Adam lan Hawa. Roh Kudus mujudake roh kang ana sajrone Nabi lan Rosul kang asipat mukjizat.

Miturut pethikan kasebut, martabat Arwah ditandhani kanthi anane al-Arwah sajrone wujud kang jamak. Kabeh roh asale saka alam arwah. Alam arwah kang awujud nurani tegese alam kang diciptakake dening Allah tanpa perantara. Allah nyiptakake makhluk lumantar tumindakE kang sinebut af'al. Allah nyiptakake arwah saka uap pinilih kang sumbere saka Jauhar, al-arwah uga awujud saka nur, sipat baka' hayat, ilmu, lan saka alam uluwwi.

Roh ilapi tegese iku nyawa kang wening kacarita ing hadis angsale saka Nur Muhammad, iya iku kakekating suksma, kang ing ngaku kahananing Dzat, minangka apngaling atma kang dadi wahananing alam arwah. (SWK:13)

Pethikan kasebut ngandharake yen tajjali angka papat sinebut roh ilapi. Roh ilapi diupamake nyawa kang wening. Roh ilapi padha karo alam arwah kang ana sajrone martabat pitu, lan diandharake minangka af'al atma. Roh manungsa kuwi sumbere saka nur Muhammad kang ana sajrone alam Wahadiyah. Roh manungsa kuwi mung sabageyan cilik saka Roh Agung. Saka nur Muhammad kang asipat kemakhlukan kuwi banjur kaperang dadi bageyan-bageyan alus kang durung katon. Roh kasebut kang dadi sumber kauripan tumrap saben-saben makhluk.

5) Alam Mitsal

Martabat kaping lima sinebut alam mitsal (alam wujud). Alam mitsal ngandharake alam kang wis kasusun saka unsur-unsur kang alus nanging ora bisa kapisah-pisahake. Martabat iki mujudake kekarepane Gusti Allah supaya bisa nyipakake rupa kang nyata sajrone wujud ilmu-Ne kang kasusun nanging ora bakal rusak. Gegambaran kasebut kang sinebut cahya gaib. Alam mitsal mujudake alam sekabehe rupa kang wus kaisi dening nyawa lan wiwit nampa nasib.

Alam mitsal kang ana sajrone naskah *Serat Wirid Karajan* kacaritakake kaya ing perangan naskah ngisor iki.

Kandil, tegese damar tanpa geni, kacarita ing hadis awarna sotya kang mancun mancoring warnane, gumandhul tanpa canthelan, ing kono kahananing Nur Muhammad, yaiku kakekating angen-angen kang ing ngaku wewayanganing Dzat, minangka embananing atma kang dadi wahananing alam ingisan kamil. (SWK:13)

Pethikan kasebut ngandharake yen alam mitsal uga sinebut kandil kang dadi tajjali Allah angka lima. Kandil sajrone tata basa nduweni teges lampu. Kandil utawa lampu tanpa ana pengate diupamake pangangen-angen kang ngaku minangka wewayangane Gusti Allah. Kandil kaya dene geni kang murub ana ing satengehe segara. Kandil uga sinebut napsu kang nduweni teges angkara kang ana ing sajabane suksma.

6) Alam Ajsam

Martabat angka enem sinebut Alam Ajsam, alam mulkim, alam syahadah utawa jasmani, klebu tajjali saka alam mitsal. Alam iki wus ngatonake wujud kanthi panca indera bisa mangerteni wujud. Sipat alam ajsam arupa jisim utawa angka sajrone wujud wadag. Gusti Allah ngatonake kaanane kanthi utuh. Raga mujudake rupa dhiri-Ne. Tumindak, asma lan sipat alam donya minangka rupa-Ne Gusti, kabeh kawungkus sipat kemakhlukan kang tansah kaperang loro. Hakekat budi, kaakoni minangka pepaese Dzat, minangka lawange atma kang nyebabake anane Alam Ajsam.

Alam Ajsam kang kagambarake ana ing naskah *Serat Wirid Karajan* kaya pethikan ngisor iki.

Dharah, tegese sasotya kacarita ing hadis andarbeni sorot amanca warna, ing kono padha kanggonen malaekat iya iku kakekating budi, kang ing ngaku paesaning Dzat, kang dadi wiwaraning atma dadi wahananing alam insan kamil. (SWK:13-14)

Pethikan *Serat Wirid Karajan* kasebut ngandharake tajjali Allah kaping enem sinebut dharah, kang nduweni teges permata. Kacaritakake yen permata kasebut bisa ngasilake cahya utawa sinar kang manca warna, ing kono saben warna dipanggoni dening malaekat kang njaga cahya kasebut. Hakekat dharah kuwi budi, budi didadekake pepaese Dzat.

7) Alam insan kamil

Marabat pungkasan utawa kang angka pitu sinebut alam insan kamil, yaiku alam manungsa sajrone kasampurnane. Insan Kamil mujudake wakil saka Gusti Allah ing donya kanggo njaga lan migunakake alam saisine kanthi wicaksana, saengga nduweni gelar *khalifah* ing donya. Insan kamil (manungsa sampurna) mujudake pusat semesta alam sarta titik temune Gusti lan donya.

Kijab ing ngaran dhidhing jalal, gagandhengan ngaran kursi, tegese dhindhing jalal iku warona kang ngalung, kacarita ing hadis metu saka sesotya kang manca warna, yaiku duk nalika mosik anganakake uruh kukus banyu, iku kakekating jasat, kang ing ngaku werananing Dzat, minangka dadi sesandhaning atma, kang dadi wahananing alam insan kamil. (SWK:14)

Martabat insan kamil mujudake martabat nalika manungsa wus bisa kasil nggayuh manunggaling kawula Gusti. Manungsa sampurna kang bisa nggayuh gelar *khalifah* ing donya. Alam insan kamil nggambarake kuwasa lan kekarepane Allah kang banget nyata asupa insan (manungsa) suci kanthi jeneng Muhammad.

Pandam Pandoming Urip Wong Jawa

Wong urip ing donya mesthi nduweni kapitayan minangka pandam pandoming manungsa anggone nindakake urip ing alam donya. Pandam pandoming wong Jawa kagambarake ana ing sajrone mistik kejawen. Mistik kejawen kang dadi pandam pandoming wong Jawa kaandharake ana ing naskah *Serat Wirid Karajan*. Pandam pandoming urip manungsa kuwi kaperang dadi loro. Pandam pandoming urip ngenani Gusti Allah lan

pandam pandoming ngenani sesambungane manungsa urip ing alam donya.

Sesambungan Manungsa – Allah

1) Sesaji sajrone Mistik Kejawen

Sesajen lan ubarampe kang digunakake sajrone tradisi Jawa tansah beda-beda. Sesajen lan ubarampe kasebut minangka simbol kang nduweni makna lan teges saka tradisi utawa ritual tartamtu. Sajrone *Serat Wirid Karajan* uga nyebutake saperangan sesajen lan ubarampe kang ana ing slametan. Slametan kasebut kalakon sadurunge murid nindakake laku mistik kejawen. Sesajen kang kaandharake sajrone naskah nduweni tujuwan supaya wong kang arep nindakake laku pikanthuk pepadhang lan bisa kasil nggayuh ngelmu kasampurnan. Ubarampe mujudake piranti minangka sarana kanggo ngaturake sesajen marang roh kang pinuju. Ubarampe uga simbol kanggo pasrah sesajen lan nyeluk roh kang arep diwenahi sesajen. Sesajen lan ubarampe kang diandharake sajrone *Serat Wirid Karajan* kaya ngisor iki.

Ing ngisor iki slametane manawa sira abingar marang anak turunira, kang sira wenangake agadhuh marang kawruh sajatining gaib.

Sega rangsang lawuhane iwak ikung pitik lanang kang wutuh, dhele, krecek karang melok, lalapan karang melok. (SWK:3)

Lawuh pitik lanang kang wutuh mligine pitik jawa kasebut kerep sinebut ikung. Wujud ikung wutuh tanpa diirisi luwih dhisik. Ikung dimasak kanthi cara dibakar lan diwenahi bumbu kayata santen, rempah-rempah, lan liya-liya. Ikung nduweni makna rasa pasrah mring Pangeran supaya adoh saka sakabehe babagan kang ala. Ikung nduweni teges kang maneka warna. Cucuk kang dikethok nduweni teges manungsa ora oleh ngomong sing ora becik. Swiwi lan ceker ditaleni nduweni teges manungsa ora oleh tumindak bab-bab sing ala lan ora becik. Dhele tegese ngandhut sekabehe kang ruwet kang bisa njalari ati dongkol, supaya kalebur. Krecek tegese cekcok, minangka pangeling supaya manungsa ngendani padu.

Nilai kang Kinandhut sajrone Naskah

2) Donga lan Mantra sajrone Mistik Kejawen

Miturut agama Islam, ngaturake donga nduweni teges supaya bebrayan kang nindakake ritual sesajen tansah eling tujuwan utama sajrone ndonga marang Gusti Allah. Dene sesajen kuwi mujudake sarana kanggo weneh pakurmatan marang dhanyang, roh leluhur utawa roh alus kang kudu tansah kinurmatan. Donga-donga kaaturake marang Gusti Allah supaya laku kang ditindakake bisa kasil.

Bismillaahir rahmaanir rahiim, niat ingsun adus angedusi saduluringsun papat kalima pancer nem sukma pitu rasa dus rasa dusnur rasa angedusi cahyaning Allah ya Allahu Alalhaq. niyatingsun angedusi badaningsun jasmani jaba suci jero suci sangking karsanipun Allah ya Allahu Alalhaq. (SWK:5)

Perangan naskah ing dhuwur iki ngandharake rapal lan donga kang kudu kaaturake sadurunge

nindakake laku sajrone ritual. Pethikan kasebut mujudake donga-donga utawa bisa uga sinebut mantra sadurunge nindakake sesuci. Tujuwane sesuci kanthi adus kasebut kanggo ngresiki badan lan jiwa sadurunge nindakake laku. Wujud saka tradisi adus ora mung ngresiki awak, nanging sekabehe kang ana ing dhiru manungsa supaya suci njaba njero. Tradisi adus kalebu langkah wiwitan kang kudu ditindakake. Tembung *Bismillaahir rahmaanir rahiim* kalebu tembung kang asale saka basa Arab kang nduweni teges awit ingkang asma Allah kang Maha Pengasih lan Penyayang. Kanthi anane tembung kasebut mujudake yen sakabehe panjaluk kaaturake mring Gusti ora ana kang bisa mujudake panjaluk kajaba kuwasane Gusti.

3) Tapa

Salah sawijine titikan mistik kejawen kuwi nindakake tatacara urip kanthi laku-laku spiritual kayadene tapabrata, tirakat, lan ngurang-ngurangi. Saperangan tumindak religi kasebut mujudake laku batin kang sinebut prihatim. Laku kasebut katindakake kanthi maneka warna cara kayata tapa. Miturut Kamus Basa Jawa, tapa tegese nglakoni mati raga sarta sumingkir saka ing alam rame.

Sesambungan Manungsa – Manungsa

Manungsa urip ing donya ora bisa urip kanthi individual. Manungsa mbutuhake interaksi lan komunikasi karo manungsa liyane supaya bisa nyukupi kabutuhan fisik lan rohani. Andharan kasebut nuduhake yen manungsa minangka makhluk sosial kang mbutuhake sesambungan klawan manungsa liya. Sesambungane manungsa klawan manungsa uga kaandharake ana sajrone Serat Wirid Karajan. Sesambungan kasebut kaya ana ing andharan ngisor iki.

1) Musyawarah

Sesambungan ing antarane manungsa bisa dideleng saka cara anggone komunikasi. Salah sawijine cara komunikasi supaya bisa ngasilake keputusan kang mupakat ing antarane manungsa kuwi ana ing musyawarah. Musyawarah mujudake salah sawijine cara kang digunakake kanggo mungkasi sawijine masalah. Naskah Serat Wirid Karajan uga nggambarake sesambungane manungsa lumantar musyawarah supaya ngasilake sawijine keputusan. Musyawarah kang katindakake sajrone naskah kaya ing pethikan ngisor iki.

Nalika para wali makempal angesahaken wirid punika mawi kaseksen Kanjeng Nabi Khidhir, sarta malih jumenengipun ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Agung Prabu Nyakra Kusuma Mataram dipunmusyawarataken Kanjeng Ratu Kidul tuwin sagung para wali malih. (SWK:2)

Pethikan kasebut nggambarake sesambungane para wong Agung. Ing kono sinebutake kang ana ing sajrone musyawarah kalebu Nabi Khidhir, Sultan Agung Prabu Nyakra Kusuma Mataram, Kanjeng Ratu Kidul lan para Wali. Musyawarah katindakake supaya bisa ngabsahake piwulang wirid kang ana sajrone serat iki. musyawarah katindakake supaya bisa ngasilake putusan lan asil kang bisa katampa tumrap kang nduweni sesambungan sajrone musyawarah. Ing pethikan iki musyawarah katindakake ing antarane manungsa kang nduweni tujuwan kang padha kanggo ngabsahake ngelmu

kang bakal kawedhar sajrone naskah.

2) Guru – Murid

Sesambungane manungsa klawan manungsa katon ana ing sesambungan antarane guru lan murid. Manungsa bisa ngrembakakake piwulang lan ngelmu supaya tansah lumaris bisa katindakake saka sesambungan guru lan murid. Guru lan murid nuduhake sesambungane manungsa kang padha nguntungake. Guru lan murid ora bisa kapisahake, ora ana guru yen ora ana murid kang nampa wejangan, ora ana murid yen ora ana guru kang bisa mulang kawruh.

Sesambungan guru lan murid uga kagambarake ana ing sajrone naskah najan ora kaandharake kanthi gamblang. Naskah iki ngandharake yen murid kudu tansah ngormati lan patuh marang printahe guru amarga kabeh pituduh saka guru. Pituduh saka guru iku katujokake supaya murid bisa kasil anggone nggayuh kabecikan mligine ngelmu. Guru kudu nduweni tumindak kang becik supaya bisa dadi patuladhan tumrap murid. Becike guru nduweni ngelmu kang linuwih kang bisa kawulangake marang muride. Guru nduweni tugas nuntun murid supaya bisa tumeka ing dalan kabecikan. Mangkene menggahing guru kang nuntun murid nindakake laku kang kaandharake sajrone naskah.

Kyai lajeng nuntun badhe murid maos sahadat sakawan warni, lajeng awit besemi dupa. Kyai maos surat al Ikhlash kaping 25, istighfar kaping 25. (SWK:6)

Pethikan kasebut nggambarake nalika kyai nuntun muride kang nindakake laku sajrone mistik kejawen. Kyai nuntun murid maos sahadat kang warna papat. Guru uga ngutus murid ngobong dupa, ing kene katon anane pengaruh budaya Budha anggone ngobong dupa nalika nindakake sembahyang. Banjur Kyai maos surat Al Ikhlash kaping 25 lan istighfar kaping 25. Kabeh tuntunan mau murid kudu manut marang prentah becike guru.

Sesambungan Manungsa - Alam

Sesambungan manungsa klawan alam katon ana ing konsep sedulur papat kalima pancer. Miturut sedulur papat kalima pancer manungsa asale saka anasir alam. Anasir alam kasebut wewangune badan manungsa. Sesambungan manungsa lan alam sajrone konsep sedulur papat kaya ing ngisor iki.

Tujuwan manungsa urip kanthi spiritual nduweni pepenginan kanggo nggayuh manunggaling kawula Gusti. Pepenginan kasebut bisa kagayuh kanthi nggolek jati dhirine manungsa kang wutuh minangka titahing Gusti. Manungsa kang wutuh bisa kagayuh kanthi kaweruh utawa kesadaran sajrone nindakake kautaman.

Sedulur papat lima pancer ana ngancani saben manungsa bebarengan karo laire sang jabang bayi. Sedulur papat kalima pancer ora mung awujud kaya nalika lair, nanging miturut spiritual Jawa sedulur papat kalima pancer iki kang tansah ngancani lan mbimbing manungsa. Sedulur papat kuwi kaperanga kaya ing pethikan naskah ing ngisor iki.

Kadhaupake sadulur papat kalima pancer, ing ngisor iki katrangane:

- (1) kekawah, (2) wuwungkus, (3) ari-ari, (4) getih, (5) pancer (SWK:36)

Pethikan kasebut nuduhake sadulur papat kalima pancer kang kadhapuk saka lima unsur kang mbarengai nalika manungsa lair. Kekawah sinebut kakang kawah amarga metune saka guwa garbane si biyung luwih dhisik. Wewungkus iku lapisan tipis kang nyimuti jabang bayi saengga tansah kajaga, lair bebarengan karo si jabang bayi. Ari-ari sinebut adhi amarga metu saka guwa garba si biyung sawise jabang bayi. Getih, rah utawa rahsa metu saka guwa garba pungkasan dhewe saengga sinebut sadulur enom. Puser umume pupak nalika umure bayi pitung dina. Puser kang pupak kasebut sinebut sedulur bayi kang dadi pancer. Kalima perangan kang tansah ngiringi laire bayi kasebut kang sinebut sadulur papat kalima pancer.

Kajian Intertekstual Naskah SWK lan SWHJ

Sastra kang kriptografi mesthi nduweni pangaribawa utawa mangaribawani sastra liyane. Semono uga naskah *Serat Wirid Karajan* kang oleh pangaribawan saka naskah liyane. Sawise ngandharake isi lan nilai-nilai kang kinandut sajroné naskah, bab iki uga ngandharake sesambungan naskah. Panliten bakal nggoleki sesambungan naskah *Serat Wirid Karajan* klawan *Serat Wirid Hidayat Jati*.

Struktur teks naskah *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati* nuduhake anane babagan kang padha lan babagan kang beda. Struktur teks mujudake urutan andharan sajroné naskah amarga naskah kekarone kalebu teks deskriptif. Struktur teks kang ana ing *Serat Wirid Karajan* beda karo struktur kang ana sajroné *Serat Wirid Hidayat Jati*. *Serat Wirid Karajan* kaperang ana dadi pitung wirid, lan *Serat Wirid Hidayat Jati* kaperang sajroné limang wirid.

Nilai-nilai kang Kinandhut sajroné Naskah

Naskah *Serat Wirid Karajan* ngandhut kebak kawruh lan piwulang kang bisa dadi sarana pasinaon. *Serat Wirid Karajan* ngandharake kawruh anggoné nindakake kuwajiban marang Gusti Allah lan tumindak becik marang sapadha-padha. Naskah *Serat Wirid Karajan* uga ngandharake nilai-nilai becik kang bisa dadi patuladhan lan piwulang tumrap pamaos. Nilai ora kalebu ing sajroné andharan mistik kejawen amarga nilai becik kang kaandharake asipat umum. Ora saben nilai bisa ditemokake sajroné andharan mistik kejawen. Nilai-nilai kinandut sajroné kayata nilai agama lan nilai sosial.

Nilai agama asale saka Gusti kang nduweni tujuwan kang bisa nyempurnakake kahanane manungsa supaya urip luwih apik. (1) percaya mring sipat Gusti Allah, (2) ningkatake ngelmu, (3) eling lan waskitha, (4) tawakal, (5) percaya taksir, lan (6) sabar. Nilai-nilai sosial uga kaandharake sajroné naskah *Serat Wirid Karajan* kaya ing ngisor iki: (1) aja pitenah, (2) ngormati liyan, (3) patuh mring pimpinan, (4) aja gawe sirik ati, (5) aja njupuk kang dudu hake, (6) ngomong becik lan jujur.

PANUTUP

Dudutan

Naskah *Serat Wirid Karajan* kalebu naskah kraton kang ngrembaka ana sajroné kraton minangka

warisan saka Sang Adi Panembahan Tarub II marang anak putu putra wayah. Naskah kasebut awujud gancaran kang kadhapuk saka 39 kaca. Tulisan sajroné naskah migunakake aksara Jawa kang katulis kanthi cetha. Basa kang digunakake sajroné naskah awujud basa Jawa Anyar lan ana saperangan basa Arab. Naskah iki minangka naskah turunan kang katulis nalika taun 1859.

Asile tintingan naskah *Serat Wirid Karajan* bisa mangerteni yen karya sastra iki isine ngenani bab mistik kejawen. Mistik kejawen kang kaandharake minangka piwulang becik lan kapitayan bebrayan Jawa. Kapitayan Jawa kang ngrembag mistik kejawen sajroné naskah kaperang dadi loro; pamawas bab Gusti Allah lan pandam pandoming urip wong Jawa. Pamawas bab Gusti Allah ngandharake Dzat, Asma, Sipat, Apngal; lan konsep martabat pitu. Pandam-pandoming urip wong Jawa kaperang miturut sesambungan manungsa-Allah, sesambungan manungsa-manungsa, lan sesambungan manungsa-Alam. Kapitayan kasebut kang dadi piwulang supaya manungsa bisa nggayuh sampurnane urip.

Serat Wirid Karajan salah sawijine sastra kang nduweni sesambungan lan pangaribawan saka sastra liyane. Bab kasebut bisa dideleng saka sesambungane *Serat Wirid Karajan* lan *Serat Wirid Hidayat Jati*. Naskah kekarone ngrembag bab kang padha yaiku ngenani mistik kejawen. Piwulang-piwulang kang kaandharake nduweni struktur panulisan kang memper utawa mirip. Basa kang digunakake sajroné naskah kekarone migunakake ragam basa kang beda. *Serat Wirid Karajan* migunakake ragam basa ngoko lan *Serat Wirid Hidayat Jati* migunakake ragam basa krama.

Nilai kang kinandhut sajroné naskah *Serat Wirid Karajan* kaperang saka nilai agama lan nilai sosial. Nilai agama gegayutan karo kaimananane manungsa marang Gusti Allah. Nilai sosial gegayutan karo tumindake manungsa sajroné bebrayan. Nilai sosial sajroné *Serat Wirid Karajan*.

Pamrayoga

Panliten iki isih adoh saka kasampurnan amarga basa kang kagunakake akeh kang kurang trep. Leres lepat anggoné napsirake nyuwun gunging samudra pangksami. Piwulang lan ngelmu kang kaandharake sajroné naskah amung saperangan kang bisa kaandharake. Kamangka sejatine isih akeh kang bisa diteliti kayata: saka tintingan basa, sosiologi sastra, budaya, lan liyane. Panliten mau diajab bisa luwih sampurna lan bisa nambah khasanah kasusastran Jawa mligine ngenani naskah lawas.

Nliti naskah-naskah lawas minangka sawijine tumindak kanggo ngleluri wujud saka asil kabudayan Jawa. Para pamaos kaajab bisa njupuk piwulang saka panliten kasebut. Panliten iki muga bisa dadi motivasi tumrap panliti supaya luwih akeh maneh kang nliti naskah amarga naskah ngemu sawijine piwulang tumrap manungsa.

KAPUSTAKAN

Abimanyu, Petir. 2014. *Mistik Kejawen: Mengungkap Rahasia Hidup Orang Jawa*. Jogjakarta: Palapa.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Baried, Siti Baroroh dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Harjawiyan, Haryana, dkk. 2009. *Kamus Unggah Ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hawkwess, Terrence. 1977. *Strukturalisme dan semiotik (terjemah)*. California: University of California.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandingan*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik* (Edisi Ketiga). Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Moeloeng, Lexy J. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rusdakarya
- Molen, Willem van der. 2011. *Kritik Teks Jawa: Sebuah Pemandangan Umum dan Pendekatan Baru yang Diterapkan Kepada Kunjarakarna*. Jakarta: Pustaka Obor Indonesia
- Munawir, Ahmad Warsono. 1997. *Al-Munawir Kamus Arab Indonesia*. Surabaya: Pustaka Progressif
- Nurgiantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta. Gadjah Mada University
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sieng
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Pringgodigdo. 1973. *Ensiklopedi Umum*. Yogyakarta: Kanisius
- Purnomo, S Bambang. 2011. *Kasusastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV Bintang
- Purnomo, S Bambang. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: perwira Media Nusantara
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Saputra h, Karsana. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra
- Simuh. 1988. *Mistik Islam Kejawen Raden Ngabehi Ranggawarsita: Studi Terhadap Serat Wirid Hidayat Jati*. Jakarta: Penerbit Universitas Indonesia
- Subandiyah, Heny. 2010. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press
- Sudardi. 2003. *Sastra Sufistik*. Solo: PT Tiga Serangkai Mandiri
- Suryani, Elis NS. 2012. *Filologi*. Jakarta: Ghalia Indonesia Dinamika
- Tanojo, R. 1954. *Wirid Hidayat Djati*. Surabaya: Trimurti.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Girimukti Pusaka
- Tim Penyusun. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi 3*. Jakarta: Balai Pustaka